

Premye kòmantè endividyèl manm EJC yo sou Pwojè Estrateji EEA EJ yo

Dwe site pandan diskisyon an nan Rankont EJC nan dat 13 Desanm 2022 a
Yo te retire atribisyon otè a. Referans nan paj & chapit yo transfere nou nan dokiman ki disponib [isit la](#))

KÒMANTÈ JENERAL: Aplikab pou tout Ajans & Biwo yo

CHANJMAN ALAVNI NAN ESTRATEJI

- Nan paj 4 la, Objektif ak Itilizasyon, dokiman an deklare: "Estrateji sa yo kapab chanje san okenn avi obligatwa ..." Chanjman nan estrateji sa yo dwe akonpanye ak kèk kalite avi oswa omwen dokimantasyon. Li pa posib pou rann EEA a responsab si estrateji yo pa dokiman epi pa disponib.

ANGAJMAN KOMINOTÈ

- Panse pou peye kominote yo pou angaje nan pwosesis otorizasyon an - se pa tout moun ki genyen fleksiblite finansye pou patisipe epi sa ka yon baryè pou angajman.
- Genyen biwo pop nan tout eta a, al jwenn moun yo. Petèt sa mache ak travay ke kowòdonatè MVP yo ap fè nan divès rejyon.
- Kreye estrateji rejyonal pou differan pati nan eta a—ki idantifye prensipal defi EJ a ap rankontre ak fason depatman yo ka travay an kolaborasyon pou rezoud yo.
- Lang site anpil menm jan ak itilizasyon teknoloji tou. Anplis de aksè nan lang ak nan itilizasyon rezo sosyal, yo ta dwe ajoute itilizasyon rezo altènatif ak etnik/miltileng, ki gen ladan differan platfòm rezo sosyal ke gwoup imigran yo itilize.
- Kijan piblik la, sitou kominote EJ yo, aprann sou planifikasyon, pwojè, ak pwogram yo? kèk depatman sanble te reflechi sou sa plis pase lòt; nou espere y ap pataje estrateji sansiblizasyon ak angajman yo ant depatman yo.

FÒMASYON

- Nan tout dokiman an genyen referans pou fòmasyon ke yo bay oswa yo pral bay manm pèsonèl la. Kilès ki te kreye fòmasyon sa yo? Èske genyen yon pwogram? Èske yo mete fòmasyon yo ajou oswa èske yo obligatwa sou yon baz regilye?

KOMITE AJANS EJ YO

- Sa ki pi enpòtan an sèke komite ajans EJ yo genyen objektif ak bi ki klè sou rezon ki fè y ap rankontre ak kisa yo espere akonpli.

MIZAJOU PERYODIK POU ESTRATEJI A

- EFSB a fè referans ak yon revizyon peryodik (chak 2 zan) aprè estrateji EJ komisyon enplantasyon an. Menm jan an, DPU pral fè yon revizyon peryodik (chak 2 zan) sou pi bon pratik yo nan akonplisman estrateji depatman an. EEA ak lòt ajans ki andedan l yo ta dwe panse pou fè menm bagay la nan menm peryòd tan an, epi mansyone nivo kontribisyon publik ki nesesè pou revizyon peryodik la.

RESOUS ETA A

- Kapasite pèsonèl la—Kijan eta a pral asire ke genyen pèsonèl ki sifilan pou reyalize aktivite sa yo?

ENDIKATÈ ak MEZI PWOGRE SOU OBJEKTIF EJ YO

- EEA planifye pou bay yon rapò anyèl ki detaye nan ki fason yo te itilize kritè jistis anviwònmantal yo pou bay pwogram sibvansyon ak pwogram priyotizasyon pou ane fiskal presedan an. Rapò a pral afiche, nan nivo gwoup blòk resansman an:
 - montan fon publik, oswa fon levye publik (leveraged funds), ki itilize ak pou ki pwojè
 - Depans ajans ak depans pwogram ane fiskal yo pou pwojè ke katye EJ yo benefisyé
 - Kantite Fòmasyon EJ ki òganize epi EEA ak ajans li yo asiste
 - Enfòmasyon demografik sou rekritman
 - Kantite rankont publik ke EEA ak ajans li yo òganize nan katye EJ yo

Sa mwen konprann sèke deklarasyon sa a aplike ak tout sekretarya oswa ajans ki nan EEA a. Chak nan endikatè sa yo ta dwe dekonpoze pa ajans/sekretarya, objektif pwogram nan, ak lye oswa kominote espesifik.

- An jeneral, estrateji EEA a, ak estrateji diferan sekretarya ak ajans ki kontribye yo, ofri angajman solid an favè pwosesis ki ekitab epi ki transparan (pa egzanp, patisipasyon ak sansiblizasyon publik la). Ta genyen plis klarite nan angajman pou swiv, mezire, ak pou kominike ekite rezulta yo.
- Kòm yon règ, chak sekretarya oswa ajans ta dwe bay rapò sou depans ak aktivite total ak depans ak aktivite ki lye yo (sètadi, pouvantaj/pwomosyon/pa abitan). Li ta dwe posib pou pa sèlman detèmine ki kantite ki te depanse oswa ki fèt nan kominote EJ yo yon fason endividyle ak nan kominote EJ yo antanke yon gwoup men tou kijan lajan sa a oswa aktivite sa a konpare ak eta a antanke yon gwoup ak nan kominote non-EJ yo.
- Endikatè yo gen tandans pou konsantre sou sòti yo, pa egzanp 3 fòmasyon olye de rezulta yo, èske tout aktè yo te santi yo enkli epi respekte yo nan pwosesis desizyon an.
- Konsolide definisyon yo depi nan kòmansman - anpil redondans nan chak seksyon ki t ap plis aksesib si yo konsolide depi nan kòmansman epi pi byen demontre ke se yon estrateji koyeran nan tout pati fonksyonèl yo nan eta a.
- Deklare ki rezulta w ap chèche epi fè yon retou pou detèmine ki mezi ki t ap endike rezulta sa a.

- Dokiman an long epi redondan. Genyen anpil enfòmasyon, taktik ak estrateji ki deklare, men li manke yon "estrikti ki relye tout sa yo ansanm. Kisa vizyon an ye? Kijan sa pral amelyore ajans yo ak Commonwealth la? Poukisa moun yo ta dwe preyokipe yo?
- Panse ak youn oswa de efò pilòt ki t ap mete estrateji a an vi fè aktè entèn ak ekstèn yo kontan konsènan pouvwa estrateji a.
- Panse pou peye kominate yo pou angaje nan pwosesis otorizasyon an - se pa tout moun ki genyen fleksiblite finansye pou patisipe epi sa ka yon baryè pou angajman.
- Kisa tèm "distribisyon ekitab" vle di? Sa sanble enpòtan pou defini nan kèk fason, stiou paske li lye ak sibvansyon ak lòt tip envestisman. Yo prive kominate EJ yo de dwa yo depi nan listwa epi jiskaprezan, sa vle di ke resous yo dwe distribye yon fason pou repare domaj ke eta a te lakoz nan pase.
- Genyen yon bezwen pou jwenn plis endikatè ki santre sou rezulta. Anpil endikatè santre sou ogmantasyon patisipasyon ak lòt pwosesis ki enpòtan men ki pa ase. Èske ou ta renmen wè kèk endikatè ki pral chanje oswa amelyore nan kominate EJ yo grasa efò sa a.
- Èske ka genyen objektif sou distribisyon resous tankou Jistik gouvènman federal la 40
- Satisfaksyon nan sèvis tradiksyon lang (pa egzanp, EFSP pwopoze yon endikatè sou kantite kòmantè pozitif/negatif yo resevwa konsènan kalite tradiksyon/entèpretasyon ke lòt ajans yo t ap adope)
- % Enfòmasyon demografik pèsonèl ajans la
- Total \$ sibvansyon yo akòde bay popilasyon EJ yo

"Matris Endikatè"

Genyen yon entèval estrateji EJ entereran ke sekretarya ak ajans yo soulinye. Ajans oswa sekretarya yo ka aprann nan men youn lòt pandan y ap andopte endikatè ke divizyon ajans yo te prezante nan fason ki apwopriye ak misyon respektif yo. Anba a genyen yon matris sou endikatè (kantifyab) ki dekri nan dokiman konplè sou Estrateji EEA EJ a.

Matris Estrateji EEA EJ a ki kantifyab

Endikatè / Ajans	CZM	MEP	MEPA	OTA	MDAR	DCR	DEP	DFG	DER	DPU	EFSB	MassCEC	MWRA	Endikatè Global EEA yo
\$ Entèpretasyon oswa Tradiksyon	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	
\$ Pwojè pou kominate EJ yo	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	
# fòmasyon EEA EJ yo	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	
Enfòmasyon demografik sou rekritman	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	
# rankont piblik EEA nan katye EJ yo	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	X	
# Dokiman ki tradwi; egzanp entèpretasyon		X	X											
Prezans pèsònèl la nan fòmasyon EJ yo		X												
# Pwojè nan/toupre kominate EJ yo			X			X		X		X				
# pwojè redikasyon EJ yo			X											
# fòmasyon piblik sou pwosedi & fason pou patisipe			X											
% vizit sou Sit yo nan kominate EJ yo				X										
liv rediksyon polisyon nan kominate EJ yo					X									
Desizyon finansman nan kominate EJ yo					X									
# demann tradiksyon & akonplisman						X				X	X			
# nouvo kandida EJ / BIPOC yo						X								
Demann enfòmasyon & plent pa kontak EJ yo							X							
# mizajou tablo sou molis yo							X							
# demann aranjman oditif ak vizyèl										X				
# kòmantè pozitif oswa negatif sou entèpretasyon & tradiksyon										X				
Fikse objektif pou depans, sibvansyon, resous											X			

Endikatè espesifik Ajans oswa Sekretarya a

KÒMANTÈ JENERAL: Aplikab pou tout Ajans & Biwo yo

Biwo Jesyon Zòn Kotyè yo:

- Depans ak lòt aktivite yo ta dwe deklare alafwa an total EPI parapò ak depans total pou tout kominote yo oswa pou commonwealth la
- Yo te reflechi sou sansiblizasyon pou popilasyon EJ yo, ki gen ladan popilasyon tribal yo
- Fòmasyon manm pèsònèl la enpòtan!
- Bezwen Kèk endikatè konkrè

Biwo MA pou Aplikasyon Lafwa ak Lapolis Anviwònmantal MA a

- Si yo bay done sou aktivite aplikasyon yo selon lye, rezon, ak antite.
- Kantite manm pèsònèl ki deplwaye pou jere oswa pou kontwole resous yo selon lye.

Biwo Lwa sou Politik Anviwònmantal Massachusetts la

- ajoute lye anplis de kantite pwojè MEPA yo sou Kontwòl Anviwònmantal
- Èske analiz enpak pwojè yo gen ladan nenpòt analiz sou enpak sosyo-ekonomik?
- -Yo te reflechi anpil sou lang, sansiblizasyon nan aktyèl gwou yo, rezo altènatif yo. Bòn ide. Kilès ki aplike I? Èske yo genyen manm pèsònèl pou fè aplikasyon an?
- -Kijan MEPA enteraji avèk pwosesis revizyon minisipal yo? Kèk minisipalite te devlope bon pwosedi, lyen ak gwoup lokal yo; èske MEPA a ka chita sou sa pandan I ap travay avèk pèsònèl minisipal la epi fòme yo?
- -Èske nou ka defini yon fason ki pi klè fason pwosesis publik sa yo pral bay yon bon jan vwa pou kominote EJ yo nan apwobasyon/chajman pwojè a, rediksyon, definisyon avantaj kominotè yo?

Biwo Asistans Teknik Massachusetts la

- Depans ak lòt aktivite yo ta dwe deklare alafwa an total EPI parapò ak depans total pou tout kominote yo oswa pou commonwealth la
- Lefètke OTA sipòte biznis yo epitou fè sansiblizasyon pou kominote yo, ki ekilib travay ki genyen sou de fasad sa yo? Si yo konsakre plis tan pou edike ak pou sipòte biznis yo, kijan OTA asire reponsabilite nan kominote EJ yo fas ak tansyon ant konsiderasyon ekonomik ak rediksyon sibstans toksik yo?
- Se yon bèl bagay pou wè plan pou devlope endikatè yo; èske genyen yon analiz debaz ak kèk objektif?

Depatman Resous Agrikòl Massachusetts la

- Bezwen reflechi sou òf asistans pou LOJMAN ak TRANSPÒ pou travayè agrikòl yo
- Lè y ap konsidere fason ke rechofman klimatik deplase popilasyon ensèk ak bêt yo, sa ki rann Massachusetts plis vilnerab pou maladi ki transmèt pa moustik yo, pa egzanp, èske MDAR pral chèche apwòch ki mwens toksik pou kontwole parazit yo?

Depatman Konsèvasyon ak Rekreyasyon

- Se yon bòn ide pou fè pataj avèk lòt ajans yo: "DCR konsantre tou sou **kaptaj envestisman ke li reyalize nan pwopriyete li yo ki pa nan yon kominote EJ men ki sèvi gran popilasyon EJ yo.** Rezèvasyon Eta Horseneck Beach ak rezèvasyon Blue Hills yo se bon egzanp vizit pou jounen an. Okenn nan de pwopriyte sa yo pa sitiye nan yon kominote EJ, men anpil vizitè soti nan kominote EJ yo."

- Rapò sou enfòmasyon demografik itilizasyon yo, ki gen ladan vizit nan kominote EJ yo
- -Depans ak lòt aktivite yo ta dwe deklare alafwa an total EPI parapò ak depans total pou tout kominote yo oswa pou commonwealth la
- -Lè y ap konsidere bezwen pou ogmante etablisman yo ak aksè etablisman rekreyasyon yo nan kominote EJ yo, kijan DCR a ka akeri nouvo pwopriyete pou objektif sa a, petèt nan men lòt ajans eta yo tou?

MassDEP

- Anpil pwojè ak priyorite ki vize pou abòde EJ ak kominote EJ yo, men okenn deskripsyon sou endikatè oswa pwogrè ki kantifyab oswa sou responsablite.
- -Depans, enspeksyon, aplikasyon ak lòt aktivite yo ta dwe deklare alafwa an total EPI parapò ak total aktivite/depans yo pou tout kominote yo oswa pou commonwealth la. Èske pwogram nan ta dwe repati epi konekte ak lye espesifik yo.

Depatman Lachas ak Lapèch

- -Depans, enspeksyon, aplikasyon ak lòt aktivite yo ta dwe deklare alafwa an total EPI parapò ak total depans yo pou tout kominote yo oswa pou commonwealth la.

Depatman Resous Enèji

- -Depans, enspeksyon, aplikasyon ak lòt aktivite yo ta dwe deklare alafwa an total EPI parapò ak total depans yo pou tout kominote yo oswa pou commonwealth la.

Depatman Sèvis Biblik

- Egzije rapò ki enpòtan sou EJ a pa sèvis biblik ki reglemente yo - efò, politik rezulta (tankou depans Mass Save selon kliyan ak/oswa selon gwoup blòk).
- Pou zòn ki nan/toupre kominote EJ yo, rapò sou kalite sèvis enèji, reparasyon oswa amelyorasyon (sitou GSEP), envestisman sou efikasite enèjetik, endikatè sou transpò ak sekirite gazodik yo, ak rezulta enplantasyon enstalasyon enèjetik yo.
- Rapò sou rezulta yo ta dwe alafwa an total epi lye ak rès eta a.
- Anplis de sèvis tradiksyon lang yo, EEA a ta dwe reflechi sou fason pou ogmante aksè pandan I ap rezime depozisyon temwanyaj/temwanyaj ki te deja depoze yo nan "langaj ki klè". Pa egzanp, odyans sou tarif DPU yo ka teknik anpil epi pa klè, an patikilye lè yo rele temwen ekspè yo pou temwanye. Pwosedi sa yo souvan genyen yon enpak sou tout baz tarif kliyan yo ki anglobe popilasyon jistis anviwònmantal la san okenn dout.

Komisyon Enplantasyon Enstalasyon Enèji nan Commonwealth Massachusetts la (EFSB)

- Bay aksè nan done ki soutni devlopman enfrastrikti ak desizyon enplantasyon yo pou yon revizyon enpasyan, yon revizyon 3yèm pati
- Bezwèn endikatè pou desizyon enplantasyon yo nan epi ozalantou kominote EJ yo parapò ak rès commonwealth la - # ak % nan pwojè ki apwouve kont pwojè ki refize yo ki repati selon tip ak lye.
- Premye kòmantè nan menm popilasyon ki sibi enpak pwojè yo pèmèt yo entegre fidbak yon fason ki ekonomik nan dimansyon, konsepsyon, ak plan pwojè a. Yo rekonèt gwo enpòtans sa a nan egzijans premye depozisyon yo nan pwotokòl enplikasyon publik MEPA a pou Popilasyon Jistis Anviwònmantal yo. Byenke estrateji EFSB a rekonèt ke kèk nan pwojè ki pase devan komisyon enplantasyon an nesesè tou pou fè depozisyon devan MEPA a, kidonk sa vle di antrepann angajman publik pou premye depozisyon, EFSB a ta dwe panse pou adope yon premye egzijans similè tou pou

tout aplikasyon EFSB yo. Lòt ajans yo ta dwe konsidere egzijans sou angajman piblik similè yo tou "premye pwosesis" pou pwojè ki fè enpak sou popilasyon EJ yo.

Sant Enèji Pwòp Massachusetts la

- Bòn ide pou fè pataj ak lòt ajans yo: **Fikse "objektif pou depans pou tout ajans lan** pou zòn tankou katye EJ yo, Gateway Cities, Inisyativ pou Fèb Revni ak Revni Modere, ak sèvis Tradiksyon jiska fen Ane Fiskal FY2023" BON KONPLEMAN POU SWIV REZILTA - FIKSE OBJEKTIF EPI MEZIRE N AP AVANSE POU REYALIZE OBJEKTIF SA YO.
- -Depans ak lòt aktivite yo ta dwe deklare alafwa an total EPI parapò ak depans total pou tout kominate yo oswa pou commonwealth la

Otorite Resous Dlo nan Massachusetts

- -Depans ak lòt aktivite yo ta dwe deklare alafwa an total EPI parapò ak depans total pou tout kominate yo oswa pou commonwealth la.